

**Triborough Bridge and Tunnel Authority** ("TBTA"), k ap fonksyone sou non MTA Bridges and Tunnels, ap òganize odyans piblik dapre Seksyon 385-a ak 1180-e nan Lwa sou Veyikil ak Trafik sou pwogram Aplikasyon Vitès nan Zòn Travay ak Weigh-in-Motion. Odyans lan pral revize itilizasyon piblik yo, avantaj, objektif yo, ak kote pwojè lejislatif sa yo ye epi y ap bay piblik la opòtinite pou fè kòmantè.

## Deskripsyon Pwojè yo

TBTA ap aplike teknoloji modèn Eta Nouyòk fenk otorize pou pwoteje entegrite nan kesyon estrikti pon ak tinèl TBTA ap opere yo. Espesyalman, TBTA pral itilize teknoloji pou peze pandan mouvman ap fèt (Weigh-in-Motion, WIM) pou yon pilòt sou Pon Robert F. Kennedy (RFK) pou egzije pwopriyete kamyon ki twò lou yo peye. TBTA ap aplike tou teknoloji kamera pou kontwòl vitès nan zòn travay pou amelyore sekirite travayè yo ak pasaje machin yo lè yo dekouraje chofè yo pou yo pa depase vitès nan zòn travay yo.

### **Pilòt Pou Peze Pandan Mouvman Ap Fèt sou Pon RFK a**

Yo te modifiye Lwa sou Veyikil ak Trafik nan Eta Nouyòk pou otorize itilizasyon teknoloji WIM sou Pon RFK a pou yon pwojè pilòt. Pou pwoteje entegrite nan kesyon estrikti Pon RFK a, teknoloji WIM nan pral pèmèt TBTA aplike restriksyon sou pwa kamyon yo san danje epi avèk efikasite epi enpoze amann sou moun ki vyole lalwa yo. Pwojè pilòt la pral anpeche kamyon ki gen twòp pwa e ki lakòz deteryorasyon Pon RFK a travèse pon an.

Teknoloji WIM nan itilize detèktè wout pou peze machin k ap pase sou yon pon ansanm ak kamera ki pre pou pran enfòmasyon idantifikasyon ki koresponn ak machin ki twò lou. Sistèm WIM nan oblije sibi yon tès poukont li chak jou ak yon verifikasyon kalibrasyon chak sis mwa.

Yo pral enstale siyalizasyon pou avize chofè machin yo ke sistèm siveyans WIM lan ap fonksyone. Pwopriyete kamyon ki twò lou epi ki depase pwa maksimòm total machin nan pa 10% oswa plis ak/oswa pwa sou aks pa 20% oswa plis ap resevwa amann. Si yon kamyon vyole tou de restriksyon sou pwa total machin nan ak pwa sou aks li yo, pwopriyete a responsab pou yon penalite separe pou chak vyolasyon sa yo.

### **Pwogram Kontwòl Vitès nan Zòn Travay**

Pwogram pilòt Aplikasyon Vitès nan Zòn Travay (Work Zone Speed Enforcement, WZSE) a, ki te siyen an 2021, te elaji pou mete TBTA epi pwolonje jiska 2031. Pwogram WZSE a fèt pou amelyore sekirite travayè yo ak moun k ap vwayaje yo lè li dekouraje chofè yo pou yo pa depase limit vitès nan zòn travay yo. Yo pral mete kamera vitès nan zòn travay yo, kote yo ap konstwi ak fè antretyen, pou idantifye epi bay papye vyolasyon bay pwopriyete machin ki depase limit vitès ki afiche a pa 10 milyaj pa èdtan oswa plis.

Tout pon ak tinèl TBTA yo kalifye pou gen kamera vitès an plas. Kamera yo ak vyolasyon yo ap an vigè sèlman pandan lè ekip yo ap travay nan yon zòn travay. Zòn travay ki gen kamera vitès yo ap gen siyalizasyon klè ki mennen nan zòn travay yo.

## Dat, Lè ak Kote Odyans Piblik yo ap fèt

Lendi 6 oktòb 2025, 6:00 p.m. pou rive 9:00 p.m. epi

Madi 7 Oktòb 2025, 10:00 a.m. pou rive 12:00 p.m.

Odyans lan ap fèt plizyè fason kote ap gen opsyon pou moun patisipe an pèsòn, ak nan yon fòma vityèl pa mwayen platfòm entènèt sou Zoom ak opsyon apèl konferans, ak opsyon pou pase l an dirèk sou chèn YouTube MTA a.

### **Kote Odyans yo ap Fèt (An Pèsòn)**

New York City Transit, 130 Livingston Street, 1ye etaj, Brooklyn, NY 11201. Piblik la ka rantre nan odyans lan sou Zoom sou <https://mta.zoomgov.com/j/1603815727> oswa nan telefòn nan (646) 828-7666. Ap gen yon lyen k ap disponib sou sit entènèt MTA a.

### **Direksyon**

**Pa Tren:** **A C F R** rive Jay Street – MetroTech, **R** rive Court Street, **2 3** rive Borough Hall, **4 5** rive Borough Hall. Tren **A C G** rive Hoyt/Schermerhorn. Pa Otobis: B25, B26, B38, B41, B45, B52, B57, B61, B62, B65, B67, B103

## **Enskripsyon pou Odyans Piblik yo**

Enskripsyon pou pale ka fèt davans lè w ale sou <https://www.mta.info/2025-wim-wzse-hearing> ki pral rete ouvri pandan tout dat odyans lan. Enskripsyon ap fèmen nan kòmansman chak odyans. Piblik la ka rantre nan odyans lan sou Zoom sou <https://mta.zoomgov.com/j/1603815727> oswa nan telefòn nan (646) 828-7666. Ap gen yon lyen k ap disponib sou sit entènèt MTA a.

### **Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou w enskri alavans pou w Pale, oswa pou w Voyer Kòmantè Ale**

Moun ki vle enskri davans pou yo tande vwa yo nan Odyans Piblik la dwe enskri sou sit entènèt la nan <https://www.mta.info/2025-wim-wzse-hearing>. Temwayaj aloral yo ap ka dire de (2) minit sèlman. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa voye deklarasyon alekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènen pwojè yo pwopoze a.

Nap aksepte kòmantè ekri yo anliy sou <https://www.mta.info/2025-wim-wzse-hearing>. Kòmantè yo ka ale pa lapòs tou, voye l nan: MTA Government & Community Relations, Attn: Bridges and Tunnels WIM/WZSE Hearing, 2 Broadway, 16th Floor, D16.94 New York, NY 10004. Nou dwe resevwa out kòmantè, kit se ekri kit se sou entènèt, anvan 5:30 p.m. nan vandredi 10 oktòb 2025. Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa a p ap nan transkripsyon an. Pou kesyon konsènan Odyans lan, kontakte: Rose Pascone, Direktè Adjwen Relasyon Gouvènman ak Kominotè, MTA Bridges and Tunnels, 2 Broadway, New York, N.Y.10004. Tel: 646-252-7634 oswa Rose.Pascone@mtahq.org.

## **Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou Lang yo**

Nan odyans piblik yo, ap gen Sèvis Lang Siy Ameriken ak Soutitraj CART k ap disponib.



**Manm piblik la ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon** ka mande aranjman disi 30 septanm 2025, aliy oswa pa telefòn.

**Moun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande** ka itilize sèvis transmisyon yo prefere a, oswa sèvis transmisyon 711 gratis la epi mande pou yo konekte ak Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777 pou pale ak yon ajan.

### **Pou Asistans Lang oswa Lòt Akomodasyon**

Si w bezwen asistans lang oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri voye yon demann omwen twa (3) jou ouvrab anvan dat odyans lan nan youn nan fason ki annapre yo:

- **Sou entènèt** lè w voye yon demann atravè fòmilè enskripsyon an nan <https://www.mta.info/2025-wim-wzse-hearing>.
- **Pa telefòn** lè w rele liy dirèk pou odyans piblik la nan 646-252-6777.
- **Pa lapòs** lè w voye yon lèt nan: MTA Government & Community Relations, Attn: Bridges and Tunnels WIM/WZSE Hearing, 2 Broadway, 16th Floor, D16.94 New York, NY 10004.

